

# Resiklaj

## Mete tout resiklaj ou yon dom ble ki pou resiklaj pou Somerville

### Vè, Metal, ak Plastik




Toujou retire tout bagay e kite li VID e NETWAYE li. PA dwe gen bagay plis 2 pous tankou bouchon boutèy ki lach. Vizite somervillema.gov/wizard.

### PA Pèmèt nan Dom Resiklaj la

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| Pa mete bagay ki ka resikle nan sak, pa dwe gen fatra | Okenn sache plastic (retounen yo bay revandè) | Okenn aliman oswa Likid (vid, rense, oswa netwaye tout kontenan) | Okenn Tanglers (okenn tiyo, fil, chèn oswa elektwonik) | Okenn rad oswa twal (al pote yo bay pwogram donasyon) |

### Gid pou Jete Atik Espesyal yo

**Gwo Aparèy:** Gwo aparèy tankou sechwa, AC, oswa aparèy chofaj dlo cho, ou dwe gen yon stikè ki koute $25 ki disponib sou entènèt la e osi nan DPW (ak chèk, kredi, debi, oswa money order) oswa nan Mèri a (kach bon tou) pandan biznis regilye. Yo pa pran kach nan DPW.

**TVs & Monitè Òdinatè:** Rele 311 pou pran yon randevou gratis pou yo ka vin ranmase oswa pou ou ka ale depose l nan DPW (ki nan 1 Franey Rd.) nan semèn nan.

**Mèb/Matla:** Sèlman de atik pa semen. Mete fatra yo bò twotwa a.

**Dechè Elektwonik:** Pou resikle, depose aparèy (tankou tostè) ak fatra elektwonik (tankou ekipman òdinatè, DVD, ak kòd) nan DPW jou lasemèn yo (vini ak prèv ke ou rezide la) pandan lè travay regilye.

**Pyebwa Nwèl:** Mete pyebwa ki pa dekore yo bò twotwa ak fatra pou mwa Desanb ak Janvye. Pa mete yo nan sak! Aprè Janvye, kontakte 311 pou pran yon randevou pou ranmasaj.

### Mete nan Fatra




**Vètman ak Aseswa:** Mete rad, soulye ak lòt tektil nan yon sak oswa nan yon bwat nan yon katon fèmen pou resiklaj ou reyitilizasyon. Ranmasaj yo dwe pwograme a lavans lè ou kontakte Simple Recycling nan 866-835-5068 oswa vizite simplerecycling.com. Oswa ou ka fè don ak òganizasyon charitab lokay yo.

**Fatra Lakou:** Mete fatra sa yo deyò nan jou ranmasaj yo (ou ka wè kalandriye a), oswa nan semèn DPW (pote prèv ou rezide la). Mete yo nan sak an papye (pa plastik!) oswa barik ak yon stikè ki pou "Fatra SèlmanYard". Mare branch yo nan pakè ki 3ft x 3ft. Kontakte 311 pou ka jwenn stickè

### Resiklaj Matla

- Rezidan yo dwe kontakte 311 a lavans pou mete yon randevou pou vin pran matla yo. Rele 311 pa telefòn nan (617-666-3311), rezo sosyal, nan aplikasyon 311 lan, oswa nan somervillema.gov/311.
- Matla/bòks gen pou vin ranmase yon jou aprè jou regilye yo pran poubèl yo ak yon sèl eksepsyon Pou rezidan yo ki gen kon gen fatra yo ranmase vandredi, matla yo gen pou vin pran Vandredi tou.
- Yo dwe mete matla yo deyò a 7 a.m. nan jou ranmasaj la. Yo ka deyò osi bonè ke 4 p.m. nwit avan an.
- Nenpòt matla ki enfekte ak pinèz yo dwe nan fatra regilye a jou pou fatra.
- Sèvis sa a disponib sèlman pou kay ki gen sèvis sa a ki disponib.